

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan  
Untuk umum

# Widyaswara

Ki Sutarmen Sastrosuwignyo  
Moelyono Sastronaryatmo

ktrat  
ayaan

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

899.222


SUT

Milik Departemen P dan K  
Tidak diperdagangkan

# WIDYASWARA

BALI KEPUSTAKAAN  
DIREKTORAT TRADISI  
GARUDA NBSF DEPBUDPAR

Alih aksara  
**KI SUTARMAN SASTROSUWIGNYO**  
dan  
**MOELYONO SASTRONARYATMO**



Departemen Pendidikan dan Kebudayaan  
PROYEK PENERBITAN BUKU SASTRA  
INDONESIA DAN DAERAH  
Jakarta 1981

Diterbitkan oleh  
Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

Hak pengarang dilindungi undang-undang

PERPUSTAKAAN	
DIT. SEJARAH & NILAI TRADISIONAL	
nomor Induk	: 642 / 4284
Tanggal terima	: 8-8-84
Beli/hadiah dari	: Proyek PBSID
Nomor buku	:
Kopi ke	: 2

# **WIDYASWARA**

## **KATA PENGANTAR**

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa, dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta 1981

Proyek Penerbitan Buku Sastra  
Indonesia dan Daerah

**Garis 13 ler wau, minangka :**  
**GENDER LARAS – SALENDRO**

Garis angka	1	Minangka laras Tengah alit
Garis angka	2	Minangka laras Gulu, utawi Manis.
Garis angka	3	Minangka laras Panunggul, utawi Barang.
Garis angka	4	Minangka laras Nem
Garis angka	5	Minangka laras Gangsal.
Garis angka	6	Minangka laras Tengah.
Garis angka	7	Minangkà laras Gulu.
Garis angka	8	Minangka laras Panunggul.
Garis angka	9	Minangka laras Nem ageng.
Garis angka	10	Minangka laras Gangsal ageng.
Garis angka	11	Minangka laras Tengah ageng.
Garis angka	12	Minangka laras Gulu ageng.
Garis angka	13	Minangka laras Panunggul ageng.

Dene manawi laras pelog, utawi barang garis utawi wilahanipun ugi tigawelas. Ananging swaranipun beda. Inggih pelog utawi barang, saha namaning wilahan wonten gesehipun.

Kadosta : Manawi pelog, garis utawi wilahan angka 3 boten gadhah nama barang. Amung, nama panunggul alit.

Manawi barang, garis angka 3 boten nama panunggul alit. Mangkaten ugi, garis angka 8 tuwin 13, sami boten anama panunggul, ananging sami santun nama barang.

Anjawi punika, saselaning garis angka 5 akaliyan 6 utawi sangandhaping laras 5, sangginggiling laras tengah bilih laras pelog akaliyan laras barang pancen gadhah garis utawi wilahan piyambak.

Inggih punika, wilahan utawi swara pelog. Mila boten dipun dekeki garis piyambak. Amargi ing gambar pancen boten mawi wilahan pelog.

Saha sekar punika, ingkang ngangge swaraning wilahan wau amung sakedhik.

Kadosta : 1. Sekar Bremara, 2. Sekar Basanta, 3. Sekar Mahesa-bayangan, 4. Sekar Swandana, 5. Sekar Kuswalalita.


Dene pamendhetipun swara pelog punika, saking saron pelog. Ugi dumunung sakiwaning utawi sangandhaping laras 5. Satengen, utawi sangginggiling laras tengah.

Salebetung garis wau, badhe isi tetenger ingkang dayanipun saengga tabuhing gangsa,


Kadosta : 1. Awarni : 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9.

Punika, minangka sastra sawanda (aksara satunggal). Utawi, pangucap sakecap. Utawi malih, panabuhing gender sathuthukan.

2. Awarni (kados pepethan ngandhap punika) :

- 
- 2.1. Punika, minangka tandha ngelik utawi ajengek sakedhik.
  - 2.2. Manawi gender ingkang katabuh, namung kalih wilah saking ngandhap kaliyan nginggil-ipun caket.

3. Awarni (kados pepethan ngandhap punika) :


- 
- 3.1. Punika, minangka tandha ngelik tamban saha swaranipun saya alit,- wangsul ageng, alit malih. Inggih punika, ngelik mawi ngeluk.

4. Awarni (kados pepethan ngandhap punika) :



4.1. Punika, minangka tandha swara tamban  
saha gregel saking alit lajeng ageng.

5. Awarni (kados pepethan ngandhap punika) :



5.1. Minangka margining swara, saking ageng,  
dhateng alit.

6. Awarni (kados pepethan ngandhap punika) :



6.1. Minangka margining alit dhateng ageng.

7. Awarni (kados pepethan ngandhap punika) :



7.1. Minangka tandha swara gregel, saha geter.

8. Awarni (kados pepethan ngandhap punika) :




8.1. Minangka tandha ngelik sakedhik. Wang-sul dhateng swaranipun ingkang wau.

9. Awarni (kados pepethan ngandhap punika) :



9.1. Tandha, swara ngandhelong sakedhik.  
Wangsul dhateng alit.

10. Awarni (kados pepethan ngandhap punika) :



10.1. Tandha, swara ngandhelong kathah.  
Wangsul, dhateng alit.

## 11. Awarni (kados pepethan ngandhap punika) :

- ▼ 11.1. Tandha margining swara ingkang a-  
ngengeng, dereng pedhot,
- ▼ 11.2. Nanging, anglangkahi wilahan ingkang  
kaambah.
- ▼ 11.3. Dados, wilahan ingkang kadunungan  
tandha kados pepethan wau, swaranipun boten  
mawi kaungelaken.
- ▼ Kadosdene, tetenger angka : 5, 6.
- ▼
- ▼

Mengkah tetenger, angka : 1, 3, 4, 7, 8, 9, tuwin 10 wau, an-  
jawi watekipun piyambak kasebut ing keterangan, ageng-aliting  
swaranipun kedah manut swaraning garis utawi wilahan ingkang  
kaambah.

Dene, tetenger angka : 3, 4, 7, 8, 9, tuwin 10 wau, manawi  
kanyatakan sarana gender kirang ceplesipun.


Awit, anjawi tetenger angka : 1, 5, 6, tuwin 11 wau, sadaya  
amung warnining pambrengengeng kemawon kados rebab.

Kadosta : Bilih, lik-likaning Sekar Gandakusuma manawi ang-  
katan saking laras-tengah, ungel-ungelanipun "risang". Ri, dumu-  
nung ing wilahan panunggul utawi barang-ageng. Sangipun, dumu-  
nung wilahan laras-nem.

Likipun, ngambah manis ngantos dumugi tengah alit. Mudhun,  
dumugi nem. Wangsul dhateng barang malih, mudhun malih lang-  
kah sawilah.

Dados brengengengipun, wiwit wilahan gangsal. Mudhun ngambah tengah pantog, dumugi gulu.

Punika, warninipun :



Kekathahen manawi kapratelakaken sadaya, samanten kema-won minangka upami. Bokmenawi, sampun anyekapi.

Wasana, bilih badhe saged dhateng sadaya Sekar Ageng, amung sarana Widya-Swara punika. Boten susah anggeguru dhateng sinten ingkang saged, angapalna swara tigang pangkat: 1. Salendro, 2. Pelog, 3. Barang.

Lajeng angapalna, swara tigawelas. Utawi, kawanwelas warni ingatasipun salendro. Lajeng angapalna, swara tigawelas. Utawi, kawanwelas warni ingatasipun barang.

Ingkang urut, sarana anabuh gender saking alit piyambak, dumugi ageng piyambak. Utawi, kosok-wangsul.

Manawi sampun apal dhateng warni-warni, saha uruting swara tigawelas. Utawi, kawanwelas wilah wau, lajeng angengetana tetetenger sadaya ingkang sampun kasebut ing nginggil wau.

Punika sampun tamtu, lajeng saged tanpa winulang tiyang dhateng sedaya Sekar ingkang sampun kocap ing Widyaswara punika.

### Tandhanipun

Anabuh, anggender salendro. Wilahan nem ageng, lajeng panunggul gulu, lajeng tengah nyapisan.

Lajeng panunggul alit, gulu alit ugi manis, tengah alit, barang, nem, gangsal, tengah, sami nyapisan.

Lajeng panunggul alit, gulu alit, nyapisan. Tengah alit, kaping kalih. Panggulu alit, gulu alit, nyapisan.


Lajeng tengah kaping kalih, gulu kaping kalih, panunggul kaping kalih, gulu sapisan, nem ageng sapisan.

Lajeng nem ageng, panunggul, gulu, tengah, nyapisan.

Lajeng gulu, kaping kalih. Panunggul, nem ageng, panunggul malih, gulu, tengah, gulu malih nyapisan.

Lajeng, angenget-engeta sekar punapa ingkang larasipun makaten. Tamtu lajeng sumerep, manawi punika sekar Pocung.

Dene warninipun kados ing ngandhap punika :



1                    kar                ma  
2                    se                  pat  
3                    kang              ca  
4  
5  
6  
7  
8  
9  
10  
11  
12  
13

1

2

3

4

5

tengah-

6

an myang

7

ka

8

sekar

wi

9

10

11

12

13

18

1

2

3

4

5

6

7

8


9

10

11

12

13



Mengkah ingkang makaten wau, saweg minangka tandha yekti santun saptunipun ing swara ingkang sareng akaliyan pakecap-anipun.

Dereng kadunungan tetenger, kasebut ing angka : 2, 3, 7, 8, 9, tuwin 10. Saweg angangge tenger angka "1", kawujudaken aksara. Saha, tenger angka : 4, 5, 6, tuwin 11.

Awit punika sekar macapat, saha lagu pasaja. Tanpa wilet, tanpa ngelik, tanpa ngeluk.


### **Aslining lagu**

Sekar Macapat ingkang kocap angka, 5 dumugi angka 8. Saha Sekar Tengahan, ingkang kocap ing kaca angka 9 dumugi angka 18 punika, sami lagu pasaja utawi wetah. Inggih punika ingkang kalimrah wonten ing Nagari Surakarta.

Dene Sekar Tengahan ing kaca angka "9", dumugi angka "18", saha Sekar Ageng ing kaca angka "18", dumugi kaca angka "77", bilih wekdal sapunika winastan lagu kina.

### **Keterangan namaning sekar.**

1. Pocung,
2. Mijil
3. Durma
4. Kinanthi
5. Asmaradana
6. Pangkur
7. Sinom
8. Dhandhanggula
9. Maskumambang
10. Gambuh
11. Dudukwuluh utawi Megatruh
12. Palugon
13. Wirangrong



14. Blabag
15. Jurudemung
16. Surajiwandana
17. Langenkusuma
18. Rancuh
19. Rangsang
20. Lonthang
21. Rentep
22. Patralalita
23. Salisir
24. Kuswaraga
25. Plambang
26. Tabukasol
27. Tebusauyun
28. Lebdajiwa
29. Wilasita
30. Bremara
31. Kusumawicitra
32. Candrawilasita
33. Madukara
34. Citramengeng
35. Jiwawicitra
36. Maduretna
37. Surarettna
38. Padmawicitra
39. Prawirasembada
40. Sastrakusuma
41. Citrakusuma
42. Mangunastra
43. Dhadhapmantep
44. Sudiradraka
45. Madubrangta
46. Patrajuwita
47. Basanta
48. Semanggita
49. Pusparudita
50. Manggalagita
51. Wratsari
52. Girisa

53. Angronastra
54. Ragapita
55. Bangsapatra
56. Puspanjali
57. Bangsantaka
58. Sume kar
59. Padmakusuma
60. Sikarini
61. Priyembada
62. Esmubrangta
63. Tepikawuri
64. Kawitana
65. Patrakusuma
66. Sapartitala
67. Kawin
68. Nagabanda
69. Nagakusuma
70. Langendikara
71. Sardula
72. Wikridita
73. Mahesabayangan
74. Sasadhara
75. Sasadhara kawekas
76. Swandana
77. Patramenggala
78. Sulanjari
79. Angronasmara
80. Wisalyaharini
81. Swaladara
82. Kilayunedheng
83. Candra kusuma
84. Kuswalalita
85. Kanigara
86. Wegangsulanjari
87. Banjaransari
88. Purbanagara
89. Gandakusuma
90. Jayadiningrat
91. Wohingrat

92. Pakuningrat
93. Prabuningrat
94. Gandasuli
95. Jayengtilam
96. Kusumatali
97. Kudukusuma
98. Kumudaningrat
99. Langenjiwa
100. Pamugari

### **1. Cakepan Sekar Pocung**

Sekar macapat Pocung, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra : 4, 8, 6, 8, 4, 8, laras Salendro, pathet Nem.

Duk winangun  
pathokaning lagunipun  
kang sekar macapat  
tengahan myang sekar kawi  
warsa wawu  
Trus Luhur Sarira Nata.

### **2. Sekar Mijil**

Sekar Mijil, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra : 4, 6, 6, 4, 6, 4, 6, 6, laras Salendro, pathet Sanga.

Eman-eman  
wong bagus anangis  
angur ageguyon  
sun opahi  
kekitiran gedhe  
yasanira  
Sang Hyang Henengjati  
ilir-ilir silir  
sumilir Hyang Bayu.

### **3. Sekar Durma**

Sekar Durma, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra : 4, 8, 7, 6, 7, 8, 5, 7, laras Slendro, pathet Barang.

Tan kawarna  
lamine anata bala  
Pandhawa Koraweki  
wus samya samakta  
enjing mijil ing papan  
tengara kendhang gong beri  
surak gumerah  
yayah prapteng wiyat.

#### 4. Sekar Kinanthi

Sekar Kinanthi, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
8, 8, 8, 8, 8, laras Salendro, pathet Manyura.

Padha gulangen ing kalbu  
mring sasmita amrih lantip  
aja pijer mangan nendra  
mring kaprawiran den kesthi  
pesunen sariranira  
sudanen dhahar lan guling.

#### 5. Sekar Asmaradana

Sekar Asmaradana, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
8, 8, 8, 8, 7, 8, 8, laras Slendro, pathet Sanga.

Raras ruming kang palupi  
mardi mardaweng wardaya  
mastyaken kotamaning reh  
supadi dadya darsana  
ring para atmajanta  
mangka pemuting tyas limut  
samaptaning kasusastran.

#### 6. Sekar Pangkur

Sekar Pangkur, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
8, 4, 7, 8, 7, 4, 8, 8, 8, laras Slendro, pathet Sanga.

Deduga lawan prayoga  
myang watara  
reringga aywa lali  
iku parabot satuhu  
prayoga kawruhna

tangi-lungguh  
angadeg tuwin lumaku  
angucap-meneng anendra  
duga-duga aja kari.

## 7. Sekar Sinom

Sekar Sinom, iang dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
8, 8, 8, 8, 7, 8, 7, 8, 4, 8 laras Slendro, pathet Sanga.

Kalamun tinitah sira  
angabdi ing narapati  
den taberi masewaka  
yen durung pinaring sabin  
aja sira angincih  
sawah mrih malenthhi wadhug  
panduk sadaya-daya  
yenta durung potang kardi  
tekadana,  
awisma neng pasewakan.

## 8. Sekar Dhandhanggula

Sekar Dhandhanggula, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
4, 6, 4, 6, 8, 7, 4, 5, 7, 6, 8, 4, 8, 7, laras Slendro, pathet Sanga.

Lawan aywa  
karem ing kasaktin  
kadigdayan  
miwah kanuragan  
kateguhan sasamine  
nora nguwisi iku  
ngelmu singkir  
ngakehken kibir  
yen katareced dadya  
singkir ngelmu iku  
dudu mangunah karamat  
lawan dudu  
mukijjad marma tan apti  
kang wus utameng cipta.

## **Sekar Tengahan**

### **9. Maskumambang**

Sekar Tengahan Maskumambang, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra : 4, 8, 6, 8, 8, laras Pelog, pathet Barang.

Asesambat  
sang retna samargi-margi  
dhuu gustiku aja  
atinggal minggah rumiyin  
mring bawana ariloka.

### **10. Sekar Gambuh**

Sekar Gambuh, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
7, 4, 6, 4, 8, 8, 8, laras Pelog, pathet Nem.

Aja nganti kabanjur  
sabarang po-  
lah kang nora jujur  
yen kabanjur  
sayekti kojur tan becik  
becik ngupayaa iku  
ing pitutur kang sayektos.

### **11. Sekar Dudukwuluh**

Sekar Dudukwuluh, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
4, 8, 8, 8, 8, 8 laras Slendro, pathet Barang.

Hyang Iswara  
asengadi abeburu  
duk wraha sira jemparing  
pinarengan de Hyang Guru  
nalika iku maringi  
mring sira nugraha kaot.

### **12. Sekar Palugon**

Sekar Palugon, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
8, 8, 8, 8, 8, 8, 8 laras Pelog, pathet Nem.

Palugon laguning lekas  
lukita linuding kidung  
kadung kadereng amomor  
memangun manah rahayu  
aywana kang tan agolong  
gumulung manadukara  
karananira mangapus  
puspita wangsalan semon.

### 13. Sekar Wirangrong

Sekar Wirangrong, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
8, 8, 10, 6, 7, 8, laras Pelog; pathet Gangsal.

Den samya marsudeng budi  
wiweka dipun waspaos  
aja dumeh-dumeh bisa muwus  
yen sampun kawijil  
tan kena tinututan  
mulane dipun prayitna.

### 14. Sekar Blabag

Sekar Blabag, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
4, 4, 4, 3, 4, 4, 3, 4, 4, 4, 3, laras Pelog pathet Nem.

Yen lumampah  
tan kaya neng  
alas gedhe samare  
lawan malih nora kadi  
dalan gedhe jembare  
pangantenan nora kaya  
kembang boreh  
sesege.

### 15. Sekar Jurudemung

Sekar Jurudemung, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
8, 8, 8, 8, 8, 8, laras Pelog, pathet Gangsal.

Sare ecer sarya lenggah  
dening paningsetting sampur  
masantuka kadi ringsun

wong asedhet kaya sira  
sekar wresah saminipun  
puter alit kang ginantang  
gonas-ganes sarwa patut.

### 16. Sekar Surajiwandana

Sekar Surajiwandana, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra : 7, 7, 6, 7, 8, 8, laras Slendro, pathet Sanga.

Sadangune ngupaya  
gunung-gunung las-alas  
asru kawur ngongkrah  
angkrih sangsaya kasa-  
puting dalu mangsah risang  
tyas mepu de ngulati we.

### 17. Sekar langenkusuma

Sekar Langenkusuma, :ing dalem sapadalingsanipun isi sastra : 4, 4, 4, 6, laras Slendro, pathet Sanga.

Prajurit yen  
bisa nulad  
Sang Suwanda  
pasthi yen utama.

### 18. Sekar Rancah

Sekar Rancah, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra : 4, 4, 4, 4, 4, 4, laras Slendro, pathet Nem.

Bale atma  
tunjung alit  
sinaroja  
lamun kangen  
tumutur pun-  
di parannya.

### 19. Sekar Rangsang

Sekar Rangsang, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra : 4, 4, 4, 4, 4, 4, laras Slendro, pathet Sanga.

Danu madya  
ambara la-  
li sih jiwa  
boya samar  
dasihe a-  
ngestupada.

## 20. Sekar Lonthang

Sekar Lonthang, ing dalem sapadalingsanipun isi sastra :  
4, 4, 4, 4, 4, 4, 4, 4, laras Pelog, pathet Barang.

Rangu-rangu  
ronggeh nolih  
marang garwa  
wiwaranggin  
awirangrong  
sru mangarang  
jimating prang  
pamunahing  
reh asmara.

## 21. Sekar Rentep

Sekar Rentep, lampah 6, Pedhotanipun : 3, 3, kaping 4.  
Laras Slendro, pathet Sanga.

Byatita, gatinya  
ring wesma, latar ja  
seh sari, jinemnya  
ramyang ha-, yu harsa.

## 22. Sekar Patralalita, lampah 7.

Pedhotanipun : 3, 4, kaping sakawan. Laras Slendro, pathet Sanga.

Mangkana, krodha Sri Kres-,  
na tedhak, saking rata  
agunem, saksana ma-  
deg tiwi-, kramanira.

## 23. Sekar Salissir

Sekar Salissir, lampah 8, pedhotanipun : 4, 4, kaping sakawan.  
Laras Pelog, pathet Barang.

Na ngling Hyang Ba-, thara Wisnu  
ri sakeh pa-, ra dewata  
sang watek Hyang, kabeh tustha,  
masanti myang, mangastuti.

#### **24. Sekar Kuswaraga**

Sekar Kuswaraga, lampah 8, pedhotanipun : 4, 4, kaping sakawan.  
Laras Pelog, pathet Sanga.

Ri telas pa-, ra dewata  
mantuk mring swar-, ga larana  
rep Hyang Wisnu, muwah Kresna  
samya macip-, ta nirmala.

#### **25. Sekar Plambang**

Sekar Plambang, lampah 8, pedhotanipun 4, 4, kaping sekawan.  
Laras Slendro, pathet Sanga.

Sangsaya da-, lu araras  
abyor kang lin-, tang kumedhap  
tistis sonya, tengah wengi  
lumrang ganda-, ning pusrita.

#### **26. Sekar Tebukasol**

Sekar Tebukasol, lampah 9, pedhotanipun : 4, 5, kaping sakawan.  
Laras Slendro, pathet Sanga.

Anjrah ingkang, pusrita arum  
katiyubing, samirana mrak  
sekar gadhung, kongas gandanya  
maweh raras, renaning driya.

#### **27. Sekar Tebusauyun**

Sekar Tebusauyun, lampah 10, pedhotanipun : 5, 5, kaping sakawan.  
Laras Pelog, pathet Nem.

Narpati Darma-, nata lingira  
sumaur Sri Ba-, sudewa sarjwa  
prabu marma wu-, wus nareswara,  
ringening ulun, anglare ati.

## **28. Sekar Lebdajiwa**

Sekar Lebajiwa, lampah 11, pedhotanipun 4, 7, kaping sekawan.  
Laras Salendro, pathet Sanga.

Mangu miyat, ing setu gandrung-gandrung  
payo yayi, lelangen mring talaga  
amet kembang-, kembang kang nuksmeng warih  
tanpa rowang, sun mirah gandrung-gandrung.

## **29. Sekar Wilasita**

Sekar Wilasita, lampah 12, pedhotanipun : 6, 6, kaping sakawan.  
Laras Salendro, pathet Sanga.

Kasudiran tapa, sira ing atapa  
kang pasrah sajroning, asmara dilaga  
Hyang Jagadpratingkah, amung kang anitah  
ing pati lan urip, manungsa sadarma.

## **30. Sekar Bramara**

Sekar Bramara, lampah 12, pedhotanipun : 5, 7, kaping sakawan.  
Laras Salendro, pathet Sanga.

Yata humangsah, sira Narendra Rama  
amarani mring, genira Wibisana  
myang ri Laksmana, miwah Prabu Sugriwa  
para dipati, kang wre tumut sadaya.

## **31. Sekar Kusumawicitra**

Sekar Kusumawicitra, lampah 12, pedhotanipun : 6, 6, kaping  
sakawan. Laras Slendro, pathet Sanga.

Rupa candra sasi, nabi sasadvara  
bumi buda roning, medi iku dara  
janma eka awak, ruta siti wani  
wulan nyata tunggal, iku kabeh siji

## **32. Sekar Candrawilasita**

Sekar Candrawilasita, lampah 12, pedhotanipun : 6, 6, kaping  
sakawan.  
Laras Pelog, pathet Nem.

Kasudiran tapa, sira ing atapa  
kang pasrah sajroning, asmaradilaga  
Hyang Jagadpratingkah, amung kang anitah  
ing pati lan urip, manuswa pan darma.

### 33. Sekar Madukara

Sekar Madukara, lampah 12, pedhotanipun : 6, 6, kaping sakawan.  
Laras Pelog, pathet Nem.

Pinarbutan sira, Arya Kumbakarna  
dening wanara su-, ka samya ngarutug  
watu-watu wukir, myang palu-palu tal  
andugang andhupak, anyakar ing kuku.

### 34. Sekar Citramengeng

Sekar Citramengeng, lampah 12, pedhotanipun : 6, 6, kaping sa-  
kawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Ana kang memalu, palu tal ajujur  
jaja jinajahan, jojoh salang-salang  
akeh solahing wa-, nara mrih upaya  
kumresek kang aneng, sirah anggitiki.

### 35. Sekar Jiwawicitra

Sekar Jiwawicitra, lampah 12 : pedhotanipun : 6, 6, kaping sa-  
kawan. Laras Salendro, pathet Nem.

Malah samya sayah, wre kang aneng sirah  
kapanasen samya, ngaub'aneng kuping  
wanara atusan, kang dhelik anguwek  
anyebit amuwat, anyiung anguku.

### 36. Sekar Maduretna

Sekar Maduretna, lampah 12, pedhotanipun : 5, 7, kamping sa-  
kawan. Laras Pelog, pathet Gangsal.

Narpati Darma-, putra myang Dananjaya  
matur ing raka, Narendra Arimurti  
saha waspa ing, madya wasananira  
atur pranata, mring reh maduretna.

### **37. Sekar Suraretna**

Sekar Suraretna, lampah 12, pedhotanipun : 5, 7, kaping sakawan.  
Laras Pelog, pathet Sanga.

Samarga-marga, prameswari Mandraka  
asambat-sambat, dhuh Gustiningsun aja  
atinggal munggah, maring Aribawana  
entenana ing, kubur pangarib-arib.

### **38. Sekar Padmawicitra**

Sekar Padmawicitra, lampah 12, pedhotanipun : 4, 4, 4, kaping  
sakawan. Laras Pelog, pathet Gangsal.

Narpa-putra, lan garwa myang, arinira  
rerep aneng, patapaning, dwijawara  
ayah dadya, kumalane, ing asrama  
kekuleman, miyat ing pad-, ma wicitra.

### **39. Sekar Prawirasembada**

Sekar Prawirasembada, lampah 12, pedhotanipun : 5, 7, kaping  
sakawan. Laras Salendro, pathet Manyura.

Kumbakarna tan, busik krodha sing risi,  
males astanya, angurut angraremed  
ewon wanara, kang kawenyed ngemasi  
wre alit kathah, kinipatken malesat.

### **40. Sekar Sastrakusuma**

Sekar Sastrakusuma, lampah 12, pedhotanipun 5, 7, kaping saka-  
wan. Laras Pelog, pathet Barang.

Leng-lenging driya, mangu-mangu mangunkung  
kandhahan rimang, lir lena tanpa kanin  
yen tan tulusa, mengku sang dyah kang tapa  
Sang Dasamuka, wuwusira ngrerepa.

### **41. Sekar Citrakusuma**

Sekar Citrakusuma, lampah 12 pedhotanipun : 6, 6, kaping sa-  
kawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Dene panjalukmu, patine Sindurja  
tamakna jemparing, -ira Pasopati

ratane Sri Kresna, lan gonge ywa tebih,  
aran Panca jadnya, anggonen ajurit.

#### 42. Sekar Mangunhastra.

Sekar Mangunhastra, lampah 12, pedhotanipun : 6, 6, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Denira tempuh prang, Sri Arjunasasra  
lan Radyan Semantri, aliru prabawa  
tanana kasoran, mangkana srinata  
sigra tiwikrama, tedhak saking rata.

#### 43. Sekar Dhadhapmantep

Sekar Dhadhapmantep, lampah 13, pedhotanipun : 5, 8, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Dhadhapmantep da-, lima padha nedheng kabeh  
kaweni tang mu-, lata ya sangsayeng apu-  
apunirang ma-, dening konang ing ko murub  
paran gesenga, dening kanang wiyoga weh.

#### 44. Sekar Sudiradraka

Sekar Sudiradraka, lampah 13, pedhotanipun : 5, 8, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Nem.

Bayangan bayem, bayeyed agung ngrembuyung  
rawe-rawe ring, rawan kara taru turi  
karandhang gondhang, kadhondhong dhendheng asandhing  
dhong-dhongan gudhe, bengok benguk manguk-manguk.

#### 45. Sekar Madubrangta

Sekar Madubrangta, lampah 13, pedhotanipun : 5, 8, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Mangkana ta Sang, Prabu lampuhe wus prapta  
jawining kitha, rikat pangiriding rata  
swandana mindha, panglayanging kagaraja  
Nagri Astina, katingal saking mandrawa.

#### 46. Sekar Patrajuwita

Sekar Patrajuwita, lampah 13, pedhotanipun : 5, 8, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Kuwung-kuwung re-, rep mawi leting ngambara  
anila-nila, jaladara ngemu udan  
rawi praba ka-, langan sira maksih katon,  
wisesa ana-, nira sang patrajuwita.

#### 47. Sekar Basanta

Sekar Basanta, lampah 14, pedhotanipun : 8, 6, kaping sakawan.  
Laras Pelog, pathet Nem.

Kyang krodha Kresna mangadeg, sekaring paheman  
mungging natar sira wimbuh, kadi kalamertyu,  
mintonaken kramanira, tuhu Wisnumurti,  
lila tiwikramanira, waking kang triloka.

#### 48. Sekar Semanggita

Sekar Semanggita, lampah 14, pedhotanipun : 8, 6, kaping sa-  
kawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Aswanikumba ngajrihi, Anoman kang mapag  
Aswanikumba agupuh, gadanya rinebut  
pinutung banjur binuwang, ring Andayapati  
Aswanikumba wus pinrih, siniyung kewala.

#### 49. Sekar Pusparudita

Sekar Pusparudita, lampah 14, pedhotanipun : 7, 7, kaping sa-  
kawan. Laras Salendro, pathet Nem.

Parbata winangsulken, kadi wong undhi gunung  
adangu bola-bali, Anggada astanira  
marleswu dangu nadhah, ing wukir krep kawangsul  
Prabu Sugriwa mulat, Anggada sanget sayah.

#### 50. Sekar Manggalagita

Sekar Manggalagita, lampah 15, pedhotanipun : 7, 8, kaping  
sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Sareng myarsa Sang Rama, ing aturira kang rayi  
kumepyur tyasnya tikbra, yayah mesat jiwanira  
sumebut parah-parah, ing tyas ruhara maruji  
lir sirna jagad raya, lir ilang ing idhepira.

### **51. Sekar Wratsari**

Sekar Wratsari, lampah 15, pedhotanipun : 7, 8, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Dhuh gusti mugyemuta, yen titahing abathara  
pasthi keneng duhkita, dukaciptanireng driya  
kuneng Ramawijaya, emut ing panguman-uman  
tyasnya sempal kaprapal, rug gugrug arontang-ranting.

### **52. Sekar Girisa**

Sekar Girisa, lampah 16, pedhotanipun : 8, 8, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Ngandika Hyang Suranata, babo engger apata kang  
den anti maneh karana, uwus rumanti manira  
sumarma padha budhalna, ananging ta kawruhana,  
praptaning mungsuh punika, mungguhing pamawangingwang.

### **53. Sekar Angronastra**

Sekar Angronastra, lampah 16, pedhotanipun : 8, 8, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Wus tekeng lambunging arga, Sumeru kang kidul nulya  
atata pakuwonira, arep-arepan kalawan  
pakuwoning parangmuka, mubeng nut gegering cala  
padesan uruting marga, rinempak dening rakseksa.

### **54. Sekar Ragapita**

Sekar Ragapita, lampah 16, pedhotanipun : 8, 8, kaping sakawan. Laras Slendro, pathet Sanga.

Kang ambeg murka ruhara, lawananing santa budya,  
swuh sirna kasubyaktanta, pinarwaseng ambeg sadu,  
mila Empu Yogiswara, memengeti ing reh harda,  
swuh sira wasananira, kang minge pakarti hayu.

### **55. Sekar Bangsapatra**

Sekar Bangsapatra, lampah 17, pedhotanipun : 4, 6, 7, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Manyura.

Paranbaya, mirahingsung nangis, waspanira gung mijil  
tuhu dahat, dening tanpa karya, sengkangnya rinemekan,

gelung rinu-, sak sekarnya mawur, ingkang gambir malathi  
umpama tyas-, ingsun amangun kung, mulat sira dyah ayu.

#### **56. Sekar Puspanjali**

Sekar Puspanjali, lampah 17, pedhotanipun : 4, 6, 7, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Langeng gati, ningkang awan saba-, saban ingkang Astina,  
samantara, tekeng Tegal Kuru-, Nararya Kresna laku-,  
niran Para-, surama Kanwa Ja-, naka dulur Naraddha  
kapanggih ing, rika tegal milu, ring karya sang bupati.

#### **57. Sekar Bangsantaka.**

Sekar Bangsantaka, lampah 17, pedhotanipun : 4, 6, 7, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Dhuh sang prabu-, ning rat narapati, sumbaga prawireng prang  
dibya sakti, myang pekikniraji, sor Bathara Asmara,  
kagunan myang, kaluwihanira, dewadi datan ana  
kang tumimbang, nora wenang mulat, ing saktinta sang prabu.

#### **58. Sekar Sumekar**

Sekar Sumekar, lampah 17, pedhotanipun : 4, 6, 7, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Sang Subali, muwus sokur sira, kinalulutan marang  
satriya nung, paramartotama, pangidhepira yayi  
dipun kadi, jawata linangkung, tumutura sakarsa  
wusira ngling, angawe Sugriwa, sinung rukmi sumekar.

#### **59. Sekar Padmakusuma**

Sekar Padmakusuma, lampah 17, pedhotanipun : 4, 6, 7, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Manyura.

Sampun mulih, kapi bala mulih, sigra lunga kabehnya  
kapwa watwa gunung ing sira Sang,Ramadewa manembah  
timbun tekang, giri wara kabeh, meru tulyanya rikang  
mararyan ma- riri-riri ri ka-, pyarsa manena kayun.

#### **60. Sekar Sikarini**

Sekar Sikarini, lampah 17, pedhotanipun : 6, 6, 5, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Ana kang wre tunggal, kagiri-giri geng-, nya krama galak,  
ahangkara begnya, gora godha tan ang-, ga tulungana  
tinepak kapyarsat, buta kabarubuh, puh kayu pokah  
belah bentar sirna, watu kumalasa, swuh kabarubuh.

#### 61. Sekar Priyembada

Sekar Priyembada, lampah 17, pedhotanipun : 6, 6, 5, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Saktinira Sang A-, nala setubanda-, layu wus dadi  
putut pan sinipat, kenceng lempeng gantheng, pinatut ramping  
kang setubandat bu-, ta satus pandulu, ing panjangira  
iya pandelenging, gajah sailange, tepung lor-kidul.

#### 62. Sekar Esmubrangta

Sekar Esmubrangta, lampah 17, pedhotanipun : 6, 6, 5, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Mirah langeningsun, Citrawati teka, kendel kewala  
paran dosa dasih-, ira yayi sirang-, gung adeduka  
adangu Sang Prabu, Mahispati solah, karagan-ragan,  
rangu-rangu lengleng, karungungan mangu, -mangu mangun kung.

#### 63. Sekar Tepikawuri

Sekar Tepikawuri, lampah 17, pedhotanipun : 6, 6, 5, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Cingak praptaning Ang-, gada caket lawan, palangka linggih  
solah ganggas ulat, galak lon amuwus, hen Buminata  
Rawana wruhanta, sun Balitanaya, pratitanggada  
prawira taruna, pyarsakna wuwusku, iki sayekti.

#### 64. Sekar Kawitana

Sekar Kawitana, lampah 17, pedhotanipun : 5, 6, 6, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Irika ta sang, Gathutkaca kinon, mapak Arkasuta  
tekapira Kres-, na Parta maneher, muji saktinira  
sang inujaran, wang-wang masemu gar-, jita harsa marek  
mawacana ba-, gya yan hana pakon, ri patik narpati.

## **65. Sekar Patrakusuma**

Sekar Patrakusuma, lampah 17, pedhotanipun : 4, 6, 7, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Ring lina Sri, Karna lara larut, ingkang Korawa bala  
tinut ginrek, mukseng wana kate-, dhun ing lwah jurang ngares  
pareng myang lin-, dhu liris limengan, kilat thathit liweran  
geter-pater, dhedhed erawati, pracihnaning pralina.

## **66. Sekar Sapartitala**

Sekar Sapartitala, lampah 17, pedhotanipun : 6, 6, 5, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Sigra pareng mangsah, sagung para raja, sabalanira  
sareng tempuhing prang, ditya gung gumrujung, wong Mahispati  
panggah anadhahi, Kyapatih Suwanda, kang munggwing dhadha,  
kadya bumi tangkep, kalawan akasa, patempuhing prang.

## **67. Sekar Kawin**

Sekar Kawin, lampah 17, pedhotanipun : 5, 6, 6, kaping sakawan.  
Laras Salendro, pathet Sanga.

Gurnita guntur, ketuk lesus meleg, sa Ngalengka pura  
mageter pater, ulekan sapraja, sanggyaning panjerañ  
daludag tikel, rebah sebit-sebit, lesus mawalikan  
lebu mangampak, dhedhet anglimputi, oter ger gumuruh.

## **68. Sekar Nagabanda**

Sekar Nagabanda, lampah 18, pedhotanipun: 5, 6, 7, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Manyura.

Para dipati, myang ratu satriya, daledeg dereng pegat prapta,  
gya sami, amet gon gumuruh, tata pakuwonira sadaya pripta,  
sami aneng tegal, Kurusetra supenuh arakit kutha, kuwu pra  
dipati, raja arakit pura.

## **69. Sekar Nagakusuma**

Sekar Nagakusuma, lampah 18, pedhotanipun : 5, 6, 7, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Gangsal.

Mangkana ta Sang, Pawanasuta ma-, tur aris mangenjali  
paran karsa pu-, kulun dayitaji, putri Manthilidirja

sampun alami, þedhahing Alengka, sampun samadya sasi pejahipun sang, dityaji paduka, dereng andangu garwa.

#### **70. Sekar Langendikara**

Sekar Langendikara, lampah 18, pedhotanipun : 5, 6, 7, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Aris ngandika, Sang Narpati Rama-, wijaya ring Anoman sira menyanga, taman Argasoka, matura yayi dewi

yen wis palastra, Prabu Dasamuka, sirna sakehing mungsuh yayi Wibisana, sun adegaken bu-, minata Alengka.

#### **71. Sekar Sardula**

Sekar Sardula, lampah 19, pedhotanipun : 6, 6, 7, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Leng-leng ramya ningkang, sasangka kumenyar, mangrengga ruming puri  
mangkin tanpa siring, halep ningkang umah, lir mas murubing langit  
tekang sarwa manik, tawingnya sinawung, saksat sekaring suji,  
unggwan Banowati, yang amrem malangen, myang nata Duryudana.

#### **72. Sekar Wikridita**

Sekar Wikridita, lampah 19, pedhotanipun : 6, 6, 7, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Kyan mangsah Kuru na-, ta sigra pinapag, de Bima ring sayaka kanggeg mundur angu-, gut-ugut alayu, munggwing kadohan kawes anging Bisma linek-, san pinrih inirup, dera ngadeg ing rata dera krodha risang, Wirathatanaya, de sirnaning Korawa.

#### **73. Sekar Mahesabayangan**

Sekar Mahesabayangan, lampah 19, pedhotanipun : 6, 6, 7, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Mangkana Sang Retna, Banowati sira, apan mangayun-ayun suruping kang surya, yen nemu lingsirnya, yayah jaladri madu duk samana ingkang, surya sedhengira, gumiwang sawatara lampahira ririh, ing pangulonira, kadi ta durung telas.

#### **74. Sekar Sasaddhara**

Sekar Sasaddhara, lampah 20, pedhotanipun : 7, 7, 6, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

Meh rahina semu bang, Hyang Aruna kadi ne-, traning angga rapuh  
sabdaning kukila ring, kanigara saketer, kinidunganing kung  
lir wuwusing winipan-, ca papetoking ayam, aneng ing pagagan  
mrak manguwuh bremara, samya nguswa sarining, parahaswana  
rum.

#### **75. Sekar Sasaddharakawekas**

Sekar Sasaddharakawekas, lampah 20, pedhotanipun : 7, 7, 6, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Sembah kawula putri, Manthili ingkang agung, kataman wiyoga  
kaatura ing narpa-, putra kang wus kataman, ing siwinta prabu  
kang rinatu mring wadya, wre sakti wirotama, widagdaya anung,  
mangka pratandhanira, praptane yen kang dasih, gung ngunang  
wiyoga.

#### **76. Sekar Swandana**

Sekar Swandana, lampah 20, pedhotanipun : 7, 7, 6, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Siyang pantara ratri, amung cipta pukulun, tana lyan kaeksi  
mila katur kang cundha-, manik prasasat rageng, ulun kang su-  
membah  
munggweng padanta prabu, myang kagunganta singsim, sasat  
sampun prapti  
katon asta pukulun, wulaten Narapati, Rama dewaningsun.

#### **77. Sekar Patramanggala**

Sekar Patramanggala, lampah 20, pedhotanipun : 7, 7, 6, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Sanggyeng bekti kawula, tanana waneh amung, Gusti Ramadewa  
myang pamular ylun ing, siyang-ratri luh mijil, ing netra apendul  
ajanmaa ping sapta, aywa liyan amunga, paduka pukulun  
ing nguni duk tanana, wartane semadiku, siyang lawan ratri.

## **78. Sekar Sulanjari**

Sekar Sulanjari, lampah 20, pedhotanipun : 8, 6, 6, kaping sakawan. Laras-Salendro, pathet Manyura.

Tandya bala pandhawa byuk, gumulung mangungsir, ring Sata Kurawa  
kambah kungkiah suru katitih, mirud karud larud, katut para ratu tuwin sagung pra dipati, mirud kapalayu, sigra praptanira  
Aswatama tetanya lah, pagene ta iki, ywa padha lumayu.

## **79. Sekar Angronasmara**

Sekar Angronasmara, lampah 20, pedhotanipun : 8, 6, 6, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Manyura.

Molah wening kang udaya, agambira gora asru kombak-kombah  
alun geng kagiri-giri, gegeur ingkang mina, kaplayu kang naga  
polah guntur-gumuntur gra-, ning wukir Mahendra, megung manggut-manggut  
kagyad sagung wanara ba-, la kang samya nganti, Raden Baliputra.

## **80. Sekar Wisalyarini**

Sekar Wisalyarini, lampah 21, pedhotanipun : 7, 7, 7, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Manyura.

Enjing budhal gumuruh, saking Nagri Wiratha, gunging kang balakuswa  
abra busananira, lir surya wedalira, saking ing jalaniddhi  
arsa madhangi jagad, duk mungup-mungup aneng, aneng pucaking wukir  
baranang pan sumirat, keneng soroting surya, mega lan gunung-gunung.

## **81. Sekar Swaladara**

Sekar Swaladara, lampah 21, pedhotanipun : 7, 7, 7, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Dewa-dewa sugata, marang kang sura ing prang, ngudani arum-arum  
ngendhanu ing awiyat, Narada ngapalani, jawata suka mulat  
ing palagan kayungyun, yudane wre rakksasa, gora masinga nabda krodha humangsah sura, sang ditya Jambumangli, prakosa widig-daya.

## **82. Sekar Kilayunedheng**

Sekar Kilayunedheng, lampah 22, pedhotanipun : 5, 6, 6, 5, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga

Kadangmu padha, warahen den becik, besuk amendhema,  
baris prayitna  
aja saranta, wonging Duarawati, tumpesen pan iku, awak Pandhawa  
ngandhut marangke, mangsa wurung dadi, mungsuh pan asandi,  
kewala becik  
riwusing gunem, Kurawa bubaran, pranata pituwa, kilayunedheng.

## **83. Sekar Candrakusuma**

Sekar Candrakusumā, lampah 22, pedhotanipun : 5, 6, 6, 5,  
kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Narendra Kresna, saurira kang ling, gampil yayi prabu,  
yen wusing karya,  
bujana apan, kapanggih ing wuri, mojar malih sira, Sang Suyudana,  
agawe kakang, prabu datan arsa, pambujananingong, lingnya Sri Kresna  
bujana ta neng, wuri pan sayekti, Prabu Kresna suka-, ning tyas tan sipi.

## **84. Sekar Kuswalalita**

Sekar Kuswalalita, lampah 23, pedhotanipun : 5, 6, 6, 6, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Yata punggawa, raksasa umangsah, tanana kang surud, amarangkep tugur  
wira wanara, nirbaya tyasira, mateni raksasa tana walangdriya  
danawa sura, muk samya pepulih, matangguh wre wira, aprawira sami  
dhendha-dhinendha, tempuhing wreksa gung, basmi pur lan gada,  
a- candhak-cinandhak.

## **85. Sekar Kanigara**

Sekar Kanigara, lampah 23, pedhotanipun : 8, 8, 7, kaping sakawan. Laras Pelog, pathet Nem.

Lemes rawe-rawe winu-, lat respati Dasamuka, amping-amping-an wreksa

kidang mas saba malipir, pataman putri Mantili, dupi mulad arina  
rambut mas agalibedan, neng satepingin patapan, Sinta matur  
bena,  
aminta kidang kancana, Raguputra mituruti, ri kinen tengga srama.

### 86. Sekar Wegang Sulanjari

Sekar Wegang Sulanjari, lampah 23, pedhotanipun : 5, 6, 6, 6,  
kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

    Sinawung kendhang, suling Anoman a-, ngidung-ngidung lawan  
    Saraba swara rum  
    runtut larasing, kidung ngembat-embat, tembungnya binarung,  
    pangeliking suling,  
    butane suka, ting cukakak tanjak, galeyah abeksa, maju minggut-  
    minggut  
    suka sakehing, punggawa Ngayodya, myat ing buta ngigel, kathuwel  
    parigel.

### 87. Sekar Banjaransari.

Sekar Banjaransari, lampah 23, pedhotanipun : 5, 6, 6, 6, kaping  
sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

    Ana wanara, narambul sinampe, pothol sirahira, amalesat tebih  
    keh solahing prang, wangke sunsun timbul, rah samya malapar,  
    iya manghernawa  
    mangsa raksasa, singa nabda lir grah, anaut bala wre, sinambut  
    binanting  
    sapuluh pareng, renyuh tibeng siti, mangsa wre prawira, sinampe  
    barubuh.

### 88. Sekar Purbanagara

Sekar Purbanagara, lampah .23, pedhotanipun : 5, 6, 6, 6, kaping  
sakawan. Laras Salendro, pathet Sanga.

    Rame sendhal-si-, nendhal padhanira, ana kang danawa, akum-  
    prung tinarik  
    kajengkang krakang, dhinupak sirahnya, pecah wutah kang rah,  
    polo muncrat-muncrat  
    ana wre sinam-, pe ing limpung putung, iganya tinepak, jajanira  
    pecah  
    cinacah-cacah, inginum kanang rah, ana raksasa bi-, nanting sela  
    ajur.

## **89. Sekar Candakusuma**

Sekar Gandakusuma, lampah 24, pedhotanipun : 6, 6, 6, 6, kaping sakawan.

Laras Salendro, pathet Sanga.

Bumi gonjang-ganjang, langit kelap-kelap, katon lir kincanging risang maweh gandrung

sabarang kadulu, wukir moyag-mayig, saking tyas baliwur, lumaris sang gandrung,

dhuh ari Sumitra-, tanaya paranreh, kabeh sining wana, nangsaya maringsun

tan wrin kasatriyan, tan umiyat ing rat, kombul atmaninggwang, pijer gandrung-gandrung.

## **90. Sekar Jayadiningrat**

Sekar Jayadiningrat, lampah 24, pedhotanipun : 6, 6, 6, 6, kaping sakawan.

Laras Salendro, pathet Manyura.

Mirah yen sun mulad, ironing setu-setu, puspeng wiyat asri, memuwuhi gandrung

kadya tasik munggwing, wadananiranger, tuwin lir angsana, ingkang munggweng weni

wintang-wintang tulya, mamrih angujiwat, sampening kang la-  
ngen manawung ing gandrung, dhuh pepujaningsun

tega maring dasih, kaswasih toliken, semang gandrung-gandrung.

## **91. Sekar Wohingrat**

Sekar Wohingrat, lampah 24, pedhotanipun : 6, 6, 6, 6, kaping sakawan.

Laras Salendro, pathet Manyura.

Ari Sumitra ma, lir angayam-ayam, cirining wardaya, kata-  
man inng gandrung

atmaningsun lagi, sinarik ing Widi, angur binanjuta, aywanggung agandlung

tan kawawa yayi, anahen wirangrong, rimang rangu-rangu, ngarang karungungan

kambah geng wiyoga, kaprawaseng kingkin, kagunturan lengleng,  
renteng gandrung-gandrung.

## **92. Sekar Pakuningrat**

Sekar Pakuningrat, lampah 24, pedhotanipun : 6, 6, 6, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Manyura.

Weta mangkenea, sapa ngusadani, wuyung kadalurung, murweng gandrung-gandrung  
dhuh Widi Bathara, dhuh Suksma Kawekas, dhuh Hyang Otipati,  
Hyang Jagadpratingkah  
yen tan tetulunga, luwaring wirage, rugrug ing asmara, saksat guntur ketuk  
pinawering atma, lara smara nawung, pamardyeng semadi, lara gandrung-gandrung.

## **93. Sekar Prabuningrat**

Sekar Prabuningrat, lampah 24, pedhotanipun : 6, 6, 6, kaping sakawan. Laras Salendro, pathet Manyura.

Kuneng tangisira Rama pan sawengi, tan antuk anendra, pijer gandrung-gandrung  
murca tyasnya kepon, pan kadya tinunu, ing pawaka muntap,  
ngenani tyas geseng  
maruta sumilir, tis-tis tyasnya ngenes, mantra-mantra matis, nir unang-unang kung  
marek ing maharja, ing driya ruhara, doning kramaniti, mandra gandrung-gandrung.

## **94. Sekar Gandasuli**

